

# The Ballad of Mulan/Istwa Mulan

Nan peyi Lachin, nan tan lontan te gen yon madanm yo te rele l “Mulan”. Li te tris anpil, paske papa l te gen pou l ale nan lagè. Li ta pito ale li menm nan plas papa l.

Epòk sa, fi pat ka ale nan lagè. Sa Mulan fè, li abiye l an gason. Li kite fanmi l, e ale rejwenn solda yo. Li tap travay trè di san fanmi l bò kote l, li te alafwa tris e kontan. Tris, li tap sonje fanmi l e kontan paske li tap pwoteje papa l.

Mulan tap goumen pami solda yo, pou yon fi, li te brav anpil. Plisyè solda te mouri. Apre dis ane nan lagè, Mulan te resevwa yon prim de Enperè a, e li te mande kòm kado yon chamo pou l te kapab ale lakay li.

Lè Mulan rive lakay li, li chanje kostim solda l, li mete yon rad sou li. Lè solda yo vini visite l, yo te etone paske yo pat konnen Mulan te yon fi. Kounye a tout moun ap pale de istwa Mulan ki te renmen fanmi l e goumen nan lagè ak anpil bravou.



Grade 3 Theme 1: Off to Adventure!

3<sup>rd</sup> grade - Theme 1 - Off to Adventure

Ballad of Mulan

zam	Kamarad	andire	orevwa
triyonf	lame	laviktwo	parèt
Anvayisè/atakè	bouyon	roulo	frajil
selle	brid	bank	Solèykouche/ lanjelis
di	envite	eskòte	Kouri dousman